Pou Piblikasyon Imedya: 15/09/2016 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GRAN OUVÈTI DEVLOPMAN LOJMAN A PRI ABÒDAB POU $14.4 MILYON DOLA NAN KONTE ONTARIO

Nouvo Apatman Estasyon Trolley yo Ofri Lojman Ki Pa Itilize Anpil Enèji Pou Abitan Revni Fèb yo

Pwojè a Konplemante Pwogram "Fingers Lakes Forward" lan, ki se Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò an ki Reyisi, pou Devlope Ekonomi an epi Kreye Nouvèl Opòtinite yo

Foto Apatman yo Disponib isit la ak isit la.

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jounen jodi a gran ouvèti Apatman Estasyon Trolley yo (Trolley Station Apartments) ki koute $14.4 milyon dola nan Canandaigua, nan Konte Ontario. Devlopman lojman sipò ki gen 48 apatman, ki administre pa Sèvis Kominote DePaul (DePaul Community Services) yo, li ofri sèvis ki baze o nivo rezidansyèl pou moun ki gen revni fèb yo ak pou abitan ki gen pwoblèm sante konpòtmantal yo.

"Apatman Estasyon Trolley yo pral bay kèk nan Nouyòkè ki pi vilnerab nou yo nan Finger Lakes yon chans pou viv lavi yo ak diyite epi endepandans", **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** "Achèvman pwojè sa fè nou vin yon pa pi pre pou asire ke chak Nouyòkè gen opòtinite pou genyen yon kote ki sekirize, desan epi a pri abòdab, ke yo ka rele lakay yo."

Sitiye nan entèseksyon ant County Route 28 ak Parkside Drive ki nan Canandaigua, Apatman Estasyon Trolley yo ki fèk fin konstwi yo genyen 26 lojman ki konstwi pou moun ki gen pwoblèm sante konpòtmantal yo, ak 22 lòt lojman ki disponib pou moun ak fanmi ki gen revni fèb yo ki kalifye pou yo. Batiman sa ki mezire 49,090 pye kare gen ladan tou yon sal antre, resepsyon ak estasyon sekirite, chanm kominotè, kwizin ak lakou santral.

Apatman Estasyon Trolley yo ofri prensipalman apatman ki gen yon chanm akouche, ak apatman ki gen de chanm akouche ki disponib, li enkli tou 12 apatman ki aksesib pou andikape yo. An plis, moun ki bezwen sèvis sante konpòtmantal yo pral resevwa sipò konpreyansif ke yo bay sou plas, ke Sèvis Kominote DePaul yo bay pou asiste abitan yo ki gen aptitid jesyon menaje yo. Abitan yo pral resevwa sipò atravè sèvis sosyal yo, pwofesyonèl, edikatif ak medikal.

Biwo Sante Mantal Eta New York lan bay yon sibvansyon $150,000 dola Pwogram Devlopman, anviwon $2.5 milyon dola nan finansman konstwiksyon ki san to enterè, ak plis pase $300,000 dola nan finansman pou sipòte depans sèvis anyèl ak operasyon yo. An plis Renouvèlman Kominote ak Kay yo nan Eta New York te bay sipò ak $441,657 dola Kredi Enpo Lojman Revni Fèb yo.

Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè Biwo Sante Mantal nan Eta New York (New York State Office of Mental Health), te deklare, “Estasyon Trolley yo se yon ajou ki byenvini nan gwo seri sèvis ke Biwo Sante Mantal ap sipòte nan Finger Lakes. Lojman yo fè ladiferans. Yon anviwònman ki sekirize ak sèvis sante konpòtmantal ki aksesib kapab ede mete moun yo sou wout retablisman, pandan l'ap pèmèt yo rete enplike nan kominote yo renmen yo.”

James S. Rubin, ki se Komisè Renouvèlman Kominote ak Kay yo nan Eta New York (New York State Homes and Community Renewal, HCR), te deklare, “Lojamn sipò ki a pri abòdab yo, ede moun reyisi endepandamman nan kominote yo an. Estasyon Trolley yo rejwenn tou lòt devlopman yo tankou Veteran yo pou Canandaigua (Veterans for Canandaigua) ak Cadence Square ki ilistre angajman Gouvènè Cuomo an pou konble bezwen an lojman ak sèvis ki gen bon jan kalite nan zòn nan, epi HCR kontan pou selebre nouvo atou lojman sa nan Finger Lakes.”

Apatman Estasyon Trolley yo gen ladan yon sistèm enèji solè sou tèt kay la, ak pano solè otonòm yo pou kapab amelyore efikasite enèji atravè devlopman lojman an. Pou konpanse montan depans enstalasyon pano yo, Otorite Devlopman ak Rechèch Enèji nan Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority) te bay $33,350 dola nan finansman atravè pwogram NY-Sun lan. Pwojè an te resevwa tou $119,946 dola nan Kredi Enpo Solè nan Eta New York. Yo prevwa ke pano solè yo pral pèmèt ekonomize plis pase $16,000 dola chak ane nan bay devlopman lojman 58 pousan nan konsomasyon elektrisite jeneral li an.

John B. Rhodes, ki se Prezidan ak CEO Otorite Devlopman ak Rechèch Enèji nan Eta New York, te deklare, “Se yon plezi pou wè Apatman Estasyon Trolley yo rejwenn dè dizèn milye lòt kay ak batiman nan Eta New York ki te ajoute enèji solè atravè inisyativ NY-Sun Gouvènè Cuomo an. Enèji solè pwoteje anviwònman epi kreye travay pandan l'ap sipòte Vizyon Refòm Enèji Gouvènè Cuomo an (Governor Cuomo's Reforming the Energy Vision), yon estrateji pou konstwi yon sistèm enèji ki pwòp, rezilyan epi ki a pri abòdab pou tout Nouyòkè yo.”

Pwojè lojman ki a pri abòdab lan te resevwa tou $6.5 milyon dola nan bon finansman ki san enpo ki soti nan Ajans Finans Lojman nan Eta New York lan (New York State Housing Finance Agency), ak yon sibvansyon adisyonèl $3.25 milyon dola Ekip Rekonsepsyon Medicaid lan, ak yon envestisman ekite $4.2 milyon dola ki soti nan First Sterling.

Mark H. Fuller, ki se Prezidan DePaul, te deklare, “DePaul kontan pou li se yon patnè kominote an nan konble bezwen an opsyon lojman a pri abòdab ki gen bon jan kalite nan Canandaigua epi atravè Eta New York. Nou swete remèsye Gouvènè Cuomo ansanm ak Eta a, poutèt yo bay DePaul finansman ki te fè pwojè sa vin yon reyalite. Nou fyè anpil pou nou fè pati de kominote Canandaigua. Apatman Estasyon Trolley

DePaul yo se yon ekzanp pwogrè ak patenarya an aksyon."

Senatè Michael F. Nozzolio te deklare, "Apatman Estasyon Trolley yo se yon devlopman enpòtan ki pral ede abòde kesyon nesesite pou lojman sekirize, ki a pri abòdab nan Canandaigua ak nan Finger Lakes. Nou remèsye Gouvènè Cuomo poutèt yo sipòte nouvo atou lojman nan Canandaigua, epi felisitasyon pou abitan yo ki pral rele Estasyon Trolley lakay yo."

Brian M. Kolb, ki se Lidè Minorite Asanble a, te deklare, "Sa se yon pwojè ki enteresan anpil epi ki enpòtan pou Canandaigua ansanm ak kominote ki alantou yo. Jefò sa bay apatman modèn pandan l'ap ofri sèvis ak pwogram esansyèl yo ki amelyore kalite lavi abitan yo. Se yon bèl ekzanp patenarya piblik-prive an ki pote avantaj enpòtan epi ki dirab nan rejyon nou an."

Kòm yon pati nan inisyativ $20 milya dola ki enkli nan Bidjè 2016-17 Pwomilge an, Estasyon Trolley an se yon ekzanp solisyon lojman yo ki kreye pou konbat sanzabri, epi elaji aksè a lojman ki a pri abòdab nan Eta New York. Ayè, Gouvènè Cuomo te òdone Robert Mujica, ki se Direktè Divizyon Bidjè Eta New York lan (New York State Division of the Budget), pou ekzekite yon memorandòm konpreyansyon pou debloke $2 milya dola nan finansman pou fè avanse kreyasyon de plis pase 100,000 lojman a pri abòdab epi pou sipò pandan senk pwochèn ane yo. Akò ke yo ekzekite an li kounye a devan Sena ak Asanble Eta New York yo pou aksyon.

Akselerasyon pwogram Finger Lakes Forward la

Anons jodia akselere pwogram "Finger Lakes Forward", ki se plan konpreyansif rejyon an pou jenere kwasans ekonomik djanm ansanm ak devlòpman kominote a. Eta te envesti deja plis pase $3.4 milya dola nan rejyon an depi lane 2012 pou reyalize travay preparatwa pou plan - nan envesti nan endistri kle yo ki enkli fotonik, agrikilti ak pwodiksyon manje, ansanm ak manifakti avanse. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi anvan Great Recession an; taks revni pèsonèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Rochester, Batavia ak Canandaigua kòm destinasyon pou devlope ak envesti.

Kounye a, rejyon an ap akselere ak pwogram "Finger Lakes Forward" la ak yon envestisman 500 milyon dola eta atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a, ke Gouvènè Cuomo te anonse an Desanm 2015 lan. Envestisman 500 milyon dola eta a pral ankouraje biznis prive yo pou yo envesti plis pase $2.5 milya dola – epi plan rejyon an, jan li te soumèt la, gen pwojè pou bay jiska 8,200 nouvo pòs travay. Gen plis enfòmasyon ki disponib isit la.

###